

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . .	f 6,-	
1/2 " . . . . .	f 3,-	njoewoen ka-
3 woelan . . . . .	f 1,50	bajar roemijn.

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . .	f 36,-
1/2 " . . . . .	f 18,65
1/4 " . . . . .	9,75
1/8 " . . . . .	f 5,25

Saladengipoen: saben 1 cm<sup>2</sup> f 0,03;

sekedik - kedihipoen: f 1,50.

Kabir premili alit - alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijn kalijan administratie.

## TILGRAM KALIH SAMI SASEDINTEN.

Ingkang moeroegaken ngatos-atos

Ingkang dados rembag: Vaticaan - Itali. Ing ngandap poenika tilgram waoe koela tedak toeroen.

Rome, 24 Juni. Aneta Reuter. Het antwoord der Italiaansche regering op de nota van het Vaticaan bevat een protest tegen de „onwettige inmenging van den Heiligen Stoel in de binnenlandsche angelegenheden van Italië“ en zegt dat deze nota is een verzameling van „jammerklachten waarmede Heilige Stoel voortgaat door middel van redevoeringen en telegrammen een beroep te doen op de publieke opinie in het buitenland en aldus deze voorvalen (de jongste anti-clericale relletjes) te brengen op een plaats waar zij niet behoren“.

De regeering houdt staande dat het optreden der „Azione cattolica“ een anti-fascistisch karakter droeg en verzekert dat commendatore Ciriati, de voorzitter der partij dit heeft toegegeven; zij acht den tijd niet geschikt om de discussies over het regeeringsbesluit inzake de ontbinding der jeugd-organisaties te hervatten, doch voegt daarvan toe dat bevel gegeven is dit besluit niet toe te passen op alle vereenigingen met een strikt religieus karakter.

Voorst deelt zij mede dat een streng onderzoek gaande is om uit te maken wie zich aan belediging van den paus en het beschadigen der pauselijke gebouwen hebben schuldig gemaakt.

Rome 24 Djoeni. Aneta Reuter. Wangsoelaniopoene Regeering Itali toemrap nota saking I. S. K. Santo Bapa rikala 12 Djoeni, saweg Rebo katjaosaken dateng Kardinaal-secretaris. Wangsoelan waoe tetembonganipoenasoeraoeng ngadjek roekoena sarta njirisosaken manawi badé kaperti saestoe sagedipoen ngoekoem dateng tetjjang ingkang tétele kaledapan, margi anggipooen sampoen njenjamah I. S. K. Santo Bapa oetawi damel karisakaning dalem-dalem kagoenganipoen.

Nangka nota waoe dipoenkantén pangadeng - adjeng, soepados I. S. K. Santo Bapa karsaa ngakeni tjoewaning panggalih déné saestoe sampoen nantang Itali lantaran biskop - biskop ing Joegoslavië.

Sasampoenipoen mratélakaken anggipooen boten badé paberan bab tindakipoen Regeering ingkang keras ingkang énggal-énggalan toemoedoe dateng jeugdorganisatie Katolik, nota waoe ngaping kalih anggipooen mastani, manawi organisatie poenika sarta organisatie Katolik sanésipoen sampoen sami mndakaken ingkang lepat inggih poenika ngodjok - odjeki mbangkang dateng anggering panjang fascisme.

Nota waoe ngontenaken oesoel soepados artikel 43 lan 44 ing Concordaat kasantoeana, awit sami-sami pradjangdjan ing Lateraan, namoeng poenika ingkang dados toeking pabenan.

Ing poengkasanning Nota, Regeering Itali tjiros kanti dipointjetak - tjetakaken, bilih saestoe boten angé, manawi badé ngroekoenaken anggipooen sami padoedon kanti énggal inggih poenika sarana rerembagan mawi dipoen-genah - genahaken.

Manga, poenapa poenika dédé lagoe bédá sanget kalijan tilgram nomer satoeng?

Ing riki dipointrijosaken: „temboenganiipoen asoeraoeng ngadjak roekoén“; ing riki: „protest“.

Ing riki boten diponeboetaken prakawis „tjampoer-tjampoer“ kanti boten absah, „pasambat“ lss; ing riki diponeboetaken. Ing riki

Vaticaan dipoen anggep kados sa-

sesami, sasedjadjar; nota saking

Vaticaan kados angsal damel; ing

ngrika Vaticaan prasasat dipoen

„pringaken“. Malah „Transocean“

boten adirih nganggé temboeng

„Vriendschappelijk“ (tjara mitra),

boten tjoekeng-tjoekengan.

Lan poendi ingkang leres?

Jén dipoendjimat, kalih - kalihi poeniké kenging kadadosaken satoenggal.

Djer „Aneta Reuter“ namoeng tjiros: „bevat“ (ngemot); dados boten njirisosaken wangsoelaniopoen woe - toe.

Nangka kémawon ingkang dipointjeng „Aneta Reuter“ kok namoeng ingkang maben, ingkang ladeng andjalari lagoe „Doerma“

lan ladeng soepé dateng temboeng kalih wanda waoe: „bevat“?

„Aneta Reuter“ sageg oegi wonten leresipoen: awit tilgram „Transocean“ saking Roem, 26, Djoeni, martosaken oegi, jén I. S. K. Santo Bapa

Bapa ngandikakaken dateng tjiang sadjiarah saking Napels bab pasoe-

lajan kalijan Itali poenika, manawi kawontenanipoen déréng kados sa-

mestinipoen, lan tjlakanipoen kok déréng wonten titikanipoen, jén badé énggal dados maremakean. Nota

saking regeering Itali ingkang kan-

toen piyambak poenika damel tjoek-

wanig Vaticaan.

Koela boten badé moetoesi, kados

poenida leresipoen. Nangka tilgram

kakalih waoe sampoen tjeta soeka

pépèng: „sing ngati-ati, nék matja

tilgram; adja ndjoer mak tjeck del

waé!“

Rome 24 (Transocean). Het

antwoord van de Italiaansche regering op

de nota van den Heiligen Stoel van 12 Ju-

ni, is Woensdag aan den kardinaal-secre-

taris overhandigt. Het document is vervat

in verzoenende bewoordingen en kondigt

strenge maatregelen aan om degenen, die

eventueel schuldig bevonden waren aan

belediging van den Paus of beschadiging van

de pauselijke paleizen, te straffen.

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . .

1/2 " . . . . .

3 woelan . . . . .

Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . .

1/2 " . . . . .

1/4 " . . . . .

1/8 " . . . . .

Saladengipoen: saben 1 cm<sup>2</sup> f 0,03;

sekedik - kedihipoen: f 1,50.

Kabir premili alit - alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-

san, oetawi dados lengganan, tepang rembag

roemijn kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASE POETRA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

## TILGRAM KALIH SAMI SASEDINTEN.

Ingkang moeroegaken ngatos-atos

Tezelfdertijd geeft de nota echter uiting aan de hoop dat de Heilige Stoel de gelegenheid moge vinden zijn leedwezen te kennen te geven over de ernstige provocatie jegens Italië, door de geestelijke autoriteiten in Joe-goslawië.

Na een weigering om te discussieeren over de nieuwe regeringsmaatregelen tegen de Katholieke jongdorganisatie, herhaalt de nota dat deze en andere Katholieke organisaties schuldig zijn geweest aan het aanstoken tot de loyaliteit tegenover het fascistische regime.

Voorstell wordt de artikelen 43 en 44 van het Concordaat, dat van alle

Lateraanse Verdragen de enige bron van misverstand vormt te herzien.

In een slotwoord legt de Italiaansche regeering er den nadruk op dat het niet moeilijk moet zijn een vriendschappelijke en spoedige oplossing te vinden voor het conflict door nadere besprekingen.

Rome, 24 Djoeni. (Fransocean).

Wangsoelaniopoene Regeering Itali ingkang nota saking I. S. K. Santo Bapa rikala 12 Djoeni, saweg Rebo katjaosaken dateng Kardinaal-secretaris.

Wangsoelan waoe tetembonganipoen asoeraoeng ngadjek roekoena sarta njirisosaken manawi badé kaperti saestoe sagedipoen ngoekoem dateng tetjjang ingkang tétele kaledapan, margi ang-

gipooen sampoen njenjamah I. S. K. Santo Bapa oetawi damel karisakaning dalem-dalem kagoenganipoen.

Nangka nota waoe dipoenkantén pangadeng - adjeng, soepados I. S. K. Santo Bapa karsaa ngakeni tjoewaning panggalih déné saestoe sampoen nantang Itali lantaran bis-

kop - biskop ing Joegoslavië.

Sasampoenipoen mratélakaken anggipooen boten badé paberan bab tindakipoen Regeering ingkang keras ingkang énggal-énggalan toemoedoe dateng jeugdorganisatie Katolik, nota waoe ngaping kalih anggipooen mastani, manawi organisatie poenika sarta organisatie Katolik sanésipoen sampoen sami mndakaken ingkang lepat inggih poenika ngodjok - odjeki mbangkang dateng anggering panjang fascisme.

Nota waoe ngontenaken oesoel soepados artikel 43 lan 44 ing Concordaat kasantoeana, awit sami-sami pradjangdjan ing Lateraan, namoeng poenika ingkang dados toeking pabenan.

Ing poengkasanning Nota, Regeering Itali tjiros kanti dipointjetak - tjetakaken, bilih

saestoe boten angé, manawi badé ngroekoenaken anggipooen sami padoedon kanti

énggal inggih poenika sarana rerembagan

mawi dipoen-genah - genahaken.

Manga, poenapa poenika dédé lagoe bédá sanget kalijan tilgram nomer satoeng?

Ing riki dipointrijosaken: „temboenganiipoen asoeraoeng ngadjak roekoén“; ing riki: „protest“.

Ing riki boten diponeboetaken prakawis „tjampoer-tjampoer“ kanti

boten absah, „pasambat“ lss; ing

rika diponeboetaken. Ing riki

Vaticaan dipoen anggep kados sa-

sesami, sasedjadjar; nota saking

Vaticaan kados angsal damel; ing

ngrika Vaticaan prasasat dipoen

„pringaken“. Malah „Transocean“

boten adirih nganggé temboeng

„Vriendschappelijk“ (tjara mitra),

boten tjoekeng-tjoekengan.

Lan poendi ingkang leres?

Jén dipoendjimat, kalih - kalihi

poeniké kenging kadadosaken satoeng-

gal. Djer „Aneta Reuter“ namoeng

tjiros: „bevat“ (ngemot); dados boten

njirisosaken wangsoelaniopoen woe -

# SAKING PAKEMPALAN.

PAR. WARGA K. W. ING BARA.  
21 Juni 1931.

I. Kabikak djam 9.45.  
II. Ingkang rawoeh: rama F.X. Satiman, wakil pamarentan 1, warga 24, kintoon stem 3, tamoe 2, teroes ngersakan dadas warga sadaja.

III. Rembag-rembag lan poetoetoes: 1. Ngabsahaken péngetan parepatan kapengker; ngiras nenangi manahipoen para warga, soepados mempeng nggregeot dateng pakempalan kanggé ndjoendoeng bangsa lan golongan mitoeret ilining djaman samangké.

2. Wragad ringgitan kapeoetoes f. 70, netepaken "Comite" ingkang kapatah ngrembag kaleksanipoen:

Hr. Padmawarsita: voorzitter.

Hr. Martadihardja: secretaris.

Hr. Partahardjana: penningmeester.

Hr. Soewardja: Commissarissen.

Hr. Djajadirja: nDeder widji "Katreasn Katholiek"

soepados sadaja warga poeroena ngloebérekan kasaenan sarana: mangrasoel krida lan nandang a. b. c. cursus dateng saderék ing padoesoenan.

5. ngGréthi amrih para warga K. W. sami netepanaing wadib:

a. nDagi widadaning K.W. srana mbajar contributie lan ndatenging pakempalan.

b. Poeroen kangelan lan pados tamabing warga.

c. Awatani remen tetoeloeng oetawi dana baoe-soekoe, banda lan pikiran.

d. Nindakaken poenapa-poenapa ingkang sampoen dados poetoesane parepatan, boten preloe kakathan omong.

5. Bestuur K. W. ing sasagedipoen ngarah damel senenging sadaja warga, saha sami kaatoeran njirnakan wisa ingkang dados amaning pakempalan.

6. Oesoel-oesoel ingkang katampi ing parepatan:

a. Tjaos wangsoelan seratiopen Rm. Kresnaamidaja ing Medarlingkang katin mangsan 24-2-31. K. W. Bara mbantoe arta ti ng saben kwartaa, kanggé ragad H. I. S. Trijasa Sléman.

b. Ngadegaken "Studiefonds" nglempakken  $\frac{1}{2}$   $\frac{1}{2}$  ning blandjanipoen para warga. Toedjoenipoen kanggé mitoloengi laré-laré ingkang sampoen klebet sinosa wonten Nörmalschool oetawi Normaal-cursus, mangka tijang sepoehipoen kajoeptan ragad.

c. Sedija kabetahanan kintoon serat, oe-pami: franco, kartoepos, amplop. Isp. reregn kados ing postkantoor, namoeng ingkang nempli:

$1 - 1\frac{1}{2}$  sén katarik pelakoe 1 sén.

$12\frac{1}{2} - 20$

d. Ngedi kasoesilaning laré, ing saben parepatan dipoenwonteni sisorah bab panggoela-wentahing laré jén wonten ing: gria, pamoelangan lan papan sanésipoen.

7. Sasampoenipoen sadaja pitakénan wangsoelan kanti terang.

Wasana parepatan katoeptoe djam 12.30.

Verlaggeber.

N. B.  
nDérékaken soeng tindak doemateng R. Dj. Siswapranata ingkang pindah datteng 2e. kl. Inl. school ing Pedes; miwah R. Hadisoewanta ingkang loemeng-sér dateng ing Standaardschool Mendoet, moegi<sup>2</sup> wonten ing papan énggal noenten ngladjengaken actie ingkang déréng kawedal, kanggé ndjoendoeng lan ngadjeng-aken koentjaraning papan kasebat.

## P. D. SOERAKARTA-ADININGRAT.

Tjabang P.D. ing Soerakarta-Adiningrat kawontenaniopen saja dangoe saja maremakean manah, amargi sapoenaika panggénan golongan siswa-rini tambah satoenggal inggih poenika: sekolah Melania.

Kala dinten Senen tanggal 22 woelan Juni 1931 ngwontenaken papanggihan ingkang sapisanan manggen wonten ing sekolah Serengan. Wititiopen ± djam 4.45, wondéné ingkang rawoeh kedjawé Heer Soegita, ingkang dados panoentoopen tjabang ing Soerakarta, oegi para prijantone goeroe poetri i.p. Mejuff. Threes kalijan Mejuff. Caroline lan sadérék saking Seminarie sawatavis. Mengah para warga ingkang sami dateng kintoon wonten 40.

Wondéné woedjoeding Agenda kados ing ngandap poenika:

1. Pamboeka.

2. Pakabar.

3. Sesorah saking Mataram.

4. Njaosi wekdal, bokbilh wonten prijantone ingkang karsa ngandika.

5. Panoetoe.

Sasampoenipoen pak. kabikak déning sad. Fr. Roesijem (pangarsa) lan soeka kabar, jén golongan siswa-rini ing H.I.S. mentas pilihan pangréh énggal (déné woedjoedipoen kados ing ngandap Ford,

mangga kita sami nggrajang botbot lan atosipoen satoenggal-satoenggaling kawoela ing U.S.A.

soepados tjeta bab poenika, mangga kita noléh gitok kita roemijin,

ningali lan mbobot kakijatan kita pijambak.

Kawoela Indonesia sampoen naté katapsir gesang mawi arta saketi sadinten saged tjekap.

Lan émoet koela roemijin Bopati Bandoeng soeka katrangan dateng Welvaarts Commissie jén gesanggung kantja tani makaten ratjak sadinten namoeng pangaos 3 étjé, oetawi 30 sén.

Lan — wonten ahli sanés malih tjarjis: kawoela Indonesia makaten ingkang  $\frac{2}{3}$  boten darbé poenapa-poenapa, tanpa gémbolan, tanpa boendelan, sagedipoen namoeng nedé lan noetoepi badan tok. Djagén oetawi djendelan sanés boten gadah.

Déné kawoela U.S.A....

Manoet palapoeran dines, kagebag sama-rata sawoelan kaskajani-poen wonten 52 dollar, oetawi 130 roepijah, sadinten .... 4 roepijah

.....

VAN LITH-STICHTING

dipoinewewahi malih: tèh!  
Dawoeh njadijani siti kangé téh sampoen wonten, mila bangsa masakapé téh ing Indonesia ngriki wala hoe'alam kémawon; manoet kabar beurs ing Amsterdam, Java-suiker sampoen aras-arasen, lan, maskapé téh ing tanah Djawi ngriki taon poenika (saking taoen 1930) wonten ingkang boten ngedoom dividend!

Béndjing jén Roeslan sampoen ngedalaken gendis lan téh saiba!

\* \*

Ing satelasing panjerat koela ing nginggil poenika sadaja, H e t N i e u w s dateng, ngemot bab prakawis rebatan gendis.

Wosing prakawis makaten:

V. J. P. (Vereeniging van Javasche Producenten?) masrahaken panjadenipoen gendis dateng firma Geo Wehry & Co.

Tegesipoen:

V. J. P. ladjeng boten nganggék-aken sadajaning soedagar Welandian Tiong Hoa ingkang soewaoe dodos merging gendisipoen dateng . . . . . Kaoem Kromo. Awit firma waoe dipoenpasrahi njadé gen-disipoen in gros (agene-ageng-an) lan in detail (bétjérán).

Mila ing Soerabaja ladjeng wonen gégér, gégér wong ngojak goela! Ladjeng mawi damel protestvergadering poenapa!

Mila moejeg!

Ambtenaren mrotest badé soedan bajar, bangsa soedagar mrotest V. J. P. géné badé ngénggokaken ilinéng gendisipoen!

Soedagar Tiong Hoa ing Soerabaja, Peseroean, Kediri, Semarang lan sanés panggénan malih kangé gampil sami "hora trima."

Nanging V. J. P. semoenipoen hanggaleges kémawon, nggak ferdoeli.

Pers petak kok inggih anéh, toemoet hanggroedeli dateng V. J. P.

Malah kabaripoen kadjawé medal Geo Wehry pabrik gendis ipoena poenika oegi poeroen njadé bétjér-an pijambak.

Bedjanipoen kaoem Kromo.

## SEKOLAHAN.

### KAMADJENGANING PANGADJARAN ING INDONESIA.

IV.

Kaparenga ngladjengaken rembag!!

Sapoenaika doemoegi bab pamoelangan Welandian ingkang roemijin pijambak ing tanah Djawi!! Ingkang roemijin pijambak dipoenegaken ing th. 1630 wonten ing Betawi. Manoet statistiek ingkang koela panggih roemijin pijambak moeridipoen wonten 90. Sareng angsal kinten-kinten sa-abad dangoenipoen, goenggoenging moerid ingkang sampaen ngraosaken pangadjaran waoe wonten kirang langkoeng 5.000. Dados ambak-ambak inggih wonten kamadjenganiopen. Nanging éngget bilih ingkang sinaoe waoe temtoe kémawon ingkang katah-katah oetawi sapérangan ageng sanget bangsa Welandi. Anak-anakipoen para piilar kekjataning Koempeni. Anak Inlander kenging dipoenétangi mawi dridj kémawon.

Pandjenengan temtoe inggih kénégetan bilih pangoewaos Koempeni waoe wonten ing tanah Indonesia boten langgeng, boten teroes. Ing taoen 1760 nalika Koempeni ngantik djaman rengkeng-rengkeng, tjetahing laré ingkang sekolah saja dangoe saja kirang. Kawontenaning pamoelangan waoe saja dangoe saja moendoer. Boten ngemoengaken ing tanah Djawi kémawon ingkang

PANGANDIKA DALEM I. S. K.  
SANTO BAPA LEO XIII.

I. Patokan: Pamoelangan nétral oetawi tjampoeran poenika moetawatosi sanget ing atasing panggoela-wentah:

Sampoen nginten, jén kaoetamén poenika kenging kapisah kalijan piwoelang sarta tanpa mawi damel katjilakan. Awit, manawi tijang oemoer pinten kémawon boten saged gesang wonten ing papan oemoer tanpa agami, langkoeng-langkoeng toemrapipoen tijang ingkang saweg oemoer ngleresi dèrèng gadah kawitjaksanan poenapa malih ngleresi kinopoeng ing sawarnining pamboedjoek nglampahi awon. Mila njoekani piwoelang ingkang babar pisau boten anggepok agami poenika boten sanés kadjawé ateges ngrisak barang saé, poenika boten sanés kadjawé njadijakaken ratjoen toemrap gesang-sasarengan sarta menging tijang ngoerbanaken gesangipoen karigé tanah woetah-riahpoen. Manawi Goesti Allah sampoen boten dipoenmanah, poenapa kémawon ta ingkang saged damel, soepados para néneman netepi wadibipoen, oetawi jén sampoen njimpang saking margi lentjeng inggih poenika margi dateng kae-tamén sarta ladjeng teroes goemoendoeng dateng djoeranging kadoerakan, sinten ta ingkang saged gendisipoen!

(Encycliek: Militantis Eclesiae, 1 Aug. 1897).

II. Patokan: Pamoelangan a) tjampoeran b) nétral kedah kasingkiraken:

a). Para Katoelik sampoen nje-kolahan anakipoen dateng sekolah tjampoeran, nanging ing poendi-poendi gadaha sekolahan pijambak kanti milih goeroe ingkang kenging pinitados saestoe. Awit panggoela-wentah ingkang mawi agami ingkang sampoen awon oetawi tanpa agami babar pisau, poenika andrawasi sanget. Kados makaten poenika koela kerep njipati kalmaphan ing sekolah tjampoeran. (Encycliek: Militantis Eclesiae, 1 Aug. 1897).

b). Makaten oegi ingkang kedah dipoen singkiri, kabekta saking sa- net anggénipoen njoemelangi, inggih poenika pamoelangan, ingkang ngalem dateng samoekawis tanpa ambédak-imbédakaken, sarta nganggep sami dateng poenapa ingkang dipoenandel ing angger tijang manasoekanipoen, prasasat njepélékaken dateng Allah toewin prakawis ka-Allahan, sarta ngrongkebí kanjataan oetawi panasaran poenika dipoenanggep sami. (Encycliek: Affari Vos, 8 Aug. 1897).

moendoer, dalasan ingkang wonten ing Maloekoe makaten oegi.

Poenapa sababipoen déné pangadjaran oetawi pamoelangan jasan Koempeni waoe moendoer? Bokmanawi kangé para maos dédé barang énggal; dier roemijin koela naté matoer bilih dadasar ingkang katan-jtepaken déning Koempeni waoe adadasar keperloean diri sendiri, adadasar perloenipoen pijambak. Inggi poenika kangé njampeti kabetahaning tijang ingkang kenging dpoendjak ambérésaken padamelanipoen, kanti regi mirah. Dados ingkang bakoe kapeurih mitoeloengi. Kapoerih toemoet laboeh Koempeni. Toemoet noempoe bandar kängé Koempeni. Temtoe kémawon sareng Koempeni soeda brengengengipoen, soeda kakijatanipoen, mbleret sorot-

rananing toedjoe, alias pendjaloeke si djaman. La, kabooetohan maoe kang mengkéné bisa kelakon ana sambel tanpa trasi, marga sing diladéni ora dojan trasi nanging karém brambang! Ta njandak apa doeroeng?

Wido, ija-wis ngerti karepmoe akeo! Dadi tjekek tjeckoepé kowéwé doewé pamrajoga nèk ana roewé réwé: "ngasil" marang Rama Panganon ta, ngono?

Blorok: Heéh! Nanging kandakoe maoe ora doewé teges, akeo koedoe bola-bali matoer marang Rama Panganon, awit mestiné nèk wis Kath. temenan, ta bisa minta prekara endi kang koedoe katoer, endi kang ora soesah! . . . Déné enggonkoe doewé karep mengkono, kedjabana ana rasa prakara sléntjané P. P. K. D. Solo lan H. B. N., ikeo gedééé. Oega doewé mosik jén preloe oemati kathol ek kang kawogan, ater priksa apa-apa kang dadi kapentingan

Th. Soewartijem.

nama jén pinoedjoe kaserat tjekakan. O mila kempalan poenika satoeng-giling srananing gesang ing ngalam donja ingkang perloe; jén kempalan waoe toedjoenipoen adamal tata tentreming pradja sakawoelaniopen oetawi mikantoei badan lan soekma. Kita gotrah Katholiek, djaler estri, moeda wreda, siswa djaler miwah estri, bote kekiranngan kempalan. Nanging ing ngandap poenika wonten pitakénan warni kahé tjekak aos:

1. Kaprijé tradjangkoe ana ing koempoelankoe déwé apa mempeng apa ora? (Saréhning kita gotrah Katholiek dados pakempalan waoe inggih Katholiek).

2. Kaprijé oléhkoe nggebjoer ana ing koempoelan, kang ora kago-long koempoelankoe?

Mila wonten pitakénan kados makan awit, katah sadérék kita ingkang asring kwolak-kwalik tradjang-ipoen. Oepami: "Ah koempoelan, ora kober akeo. Lah isib ribot temen; anaké pada réwé, bapakné oet iboéne ora oléh; rada mendoeng; jak mengko ja moeng kaja dék anoe kaé, jak wis ora menjang wé." Jén katjekak éstoe namoeng sol aras<sup>2</sup>-en. O, kadjawé ta jén pantji alangan, poenika prakawis sanés. Nanging jén namoeng margi soetik, poenika poenapa boten kesangeten, mangka boten namoeng sapisan kaping kalih, dier malah kerep. Malah wonten sadérék ingkang gadah pamanggih: Eng koempoelankoe Katholiek ki rak ora gagah, Wongé satistik toer ora pada djempol-djempol, anaa djempolé ja apes loro.

Hem ra hak blai, poenika, sadaja kengé alangan. Kados-poendi anggén koela badé madjeng, oetawi nenanrik péhak sanés, jén boten aparing toelada pijambak. "Djaré idamidan arep bawa déwé, teka mrangkani "slira pribadi dèrèng katjonggah." Kadjawé makaten kempalanipoen pijambak teka malah boten kopén, boten dipoenperdoeli, poenika kados-poendi?"

Katawisiopen bilih malah kwolak-kwalik, wonten sadérék ingkang k

ipoen, rengkeng - rengkeng, inggih ladjeng soeda, djer Koempeni ladjeng boten mbetahuan malih.

Nalika djaman Indonesia ngèngèr dateng Inggris, kawontenaning pangadjaran boten bêda kalijan djaman Koempeni ngalami djaman rengkeng-rengkeng. Pangadjaran kanggé anak Inlander risak babar pisan. Korat-karit. Moendoer sanget. Memelas sanget. Makaten oegi ingkang kaggé laré Europa; kirang langkoeng sami kémawon. Sami semapoeti poen. Bédanipoen ingkang kaggé anak Inlander semapoet sepoeh, déné ingkang kaggé anak Europa trimah setengah sepoeh kémawon; djer ladjeng wonten ingkang noeloengi. Inggi poenika "particuliere initiatief" ingkang ladjeng ada - ada mitoeloengi anak-anak Europa sampoen ngantos kapinten sanget - sanget menggahing pasinaonipoen. Pamoelangan partikoelir waoe sami mangén ing kita-kita, toer ingkang radi ageng - ageng.

Dados para maos, pamérantah Inggris ingkang oegi sampoen naté lerem ing Indonesia poenika boten nilari poenapa-poena menggahing prakawis pangadjaran. Malah djaman samanten djaman hantjoering pangadjaran. Korat-kariting pangadjaran kaggé sadaja golongan, inggih golongan tijang siti, inggih golongan bangsa Europa.

Kradjan Inggris boten dangoe anggènipoen maréntah Indonesia. Ing th. 1816 dipoen-gentosi - déning Pamérantah Walandi.

Pamérantah Walandi njoemerepi korat - kariting pangadjaran ing Indonesia, inggih ingkang toemrap bangsa pribumi, oetawi bangsa Europa pisan, katingal sanget anggènipoen welas. Katanda nalika samanten ladjeng toewoh gagasan, bilih Pamérantah anggadahi raos koewadjiban anata lan ngasta pangadjaran pijambak, inggih ingkang toemrap bangsa Europa oetawi ingkang toemrap bangsa pribumi, boten mawang agami poenapa kémawon. Nalika samanten pangadjaran ing Indonesia ngantik djaman énggal malih. Ngantik djaman di-poendandosi. Ngantik djaman goermégh.

Doemoegi samanten roemijn. Minggoe ngadjeng kepanggih malih. Hercules.

## SEKOLAHAN DOESOEN LAN KANTJA ALIT ING DOESOEN.

Wiwitipoen wonten sekolahan doesoan poenika salebetipoen taen 1907. Katahipoen sekolahan waoe doemoegi taen 1926 ing Noeswanta wonen: 8250; sadjawining tanah Djawi wonen 3212; déné tajtahing siswa ing pawijatan poenika wonten: 787.975. Döemoegining titi mangsa poenika, koela kirang terang, awit koela dèrèng naté mergoki se rat ingkang ngewrat prakawis poenika waoe. Nanging nitik dawoehipoen Directeur v. Oederwijs dateng pangagengipoen gewestelijk bestuur; kados ingkang kita soemerepi wonen kalawarti Sw.Tm. no. 24. poenika; koela saged andoegi bilih negari wiwit woelan Juli ngadjeng poenika oegi boten bâde jasa sekolahan doesoan malih, déné teka taen '31. poenika Pamérantah sampoen boten saged maringi soebandi dateng sekolahana doesoan énggal gadahani poen partikelir.

Sokoer bagé séwoe manawi pandeji koela waoe boten nétési. Déne manawi kapeksa nétési, namoeng pangadjeng-adjeng koela bêndjing taen ngadjeng pranatan negari tak-sih kekirangan arta bokmanawi 290 joetan. (P.S.).

palanipoen poenika énggal samia tjantjoet, mindak keladjeng-ladjeng anggènipoen kétér. Sampoen kwalik-walik. Poendi ingkang perloe pijambak karoemijina!!! Langkoeng-langkoeng kaggéning soekma.

Wonten malih ingkang oegi na-ma boten predoelén. Kita gotrah Katholiek sasaged - sagedipoen rak prajogi sanget jén ta samia lenggan-an koran Katholiek oep: Swara-Tama, Soewara Katholiek, De Koe-rier Isp., langkoeng-langkoeng kaggéning sadérék goeroe inggih djaler inggih éstri. Awit kedjawi njokong kempalan kita inggih saged ngindakaken seserepan. Anggén koela matoer makaten waoe, awit wonten sadérék goeroe ingkang sapriki dèrèng ngersakaken lenggan-an koran Katholiek salah satoenggal, o jén boten kijat éstoé inggih boten peksan ta, nanging sakinten saged lo, ha rak nggoemoenaken. Tentoe kémawon tijang makaten kaparingan boedi mardika, kenging kembang bolo sasenengé, nanging ngémoet-an, ingkang perloe karoemijina, ingkang boten perloe dawah kantoen, sampoen kosok-wangsoel!!!

Samanten wawasan koela, won-déné jén wonten atoer ingkang kirang sakéjtja moegi kaapoentena, djer njat koela amoeng amrih ma-

Ragad saratipoen sekolahan doe-soen poenika kirang langkoeng makaten: a. Ragad ngawontenaken grija sekolahlan pirantospoen, poenapa malih pandjagiñipoen, poenika doesoan ingkang kedah ngawonten-aken, jén betah asring angsal voor-schot mawi sareman (boten) saking Goepermén.

b. Blandjanipoen goeroenipoen mitoeroet tatanan Pamérantah lan oegi saking Pamérantah. Déné tatanan indaking blandja oegi mitoeroetatoean-an negari, déné jén goeroe waoe gadah kasagedan langkoeng saking mestinipoen (montjér) doesoan saged njoewoenaken blandja langkoeng saking tatanan waoe, nanging se-palihiing tambahan katoer dateng Goepermén.

c. Prantosing sekolahan angsal saking 's Lands depot, nanging doesoan ingkang mbajar (jén kawraten angsal saking Pamérantah). d. Bajaran sekolah (saking moerid-moerid), doesoan ingkang anggadaha.

Dados nitik atoer koela kasebat ing a. b. c. toewin d; sekolahan doesoan poenika pantjén kabetah-aniipoen doesoan. Saoepami kantja alit sami ngroemaosi bilih gadah pantjatan kaggé anggajoe kama-djengan, ladjeng merdi sanget dateng anak-poetoenipoen soepados sregep sinaoe, temtoe badé énggal saged andjoendjoeng dradjad Indo-nésia; langkoeng-langkoeng manawi piwoelang-piwoelang ing sekolahan sekolahan waoe kapilhna ingkang praktis-praktis, perloenipoen soepados sageda kebat anggènipoen mladjeng ngojak kamadjengan.

Nanging ingkang koela soemerepi ing padoesoanen djaman sapoenika, kantja alit anggènipoen pados panggesangan kémawon sampoen kate-koek ringkel; katekoek margi katah ingkang taksih boesoek, karingkelan margi pantjén saweg awis arta; dados saopami badé merdi dateng anak-poetoenipoen radik rekaos; dados saopami njekolahaken anak-ipoen poenika nama kapitoenén: baoe soekoe, kedah saged mengang-géni sapantes, terkadang asring njangoni oetawi ngawontenaken arta bajaran, sadaja sarwa adjeg; ingkang mangka sareng medal saking sekolahan doesoan waoe manawi boten ngladjengaken sinaoe, namoeng tan-sah dadas damel toer dèrèng saged (padjeng) njamboet damel kados déné lare wedalan sekolahan doesoan djaman roemijn, kabeka saking santon-santoening djaman.

Nanging sanadjan makaten para agoel-agoeling kabangsan temtoe boten gigrig anggènipoen badé min-terken Indonesia, soepados saged kadoemoegn idam - idamanipoen.

Sanès dinten, menawi Rama Redaktoer maringi papan koela badé ngatoeraken bab "Onderwijs" (Indische Staatsregeling art: 179 182) sagadoeg-gadoeging nalar koela.

poen Aquina.

Kembang-aroem.

## V A R I A .

### PADOS SESEREPAAN

(katoer Correspondentieblad).

Koela maos C. B. no. 6 Juni 1931. Ing rike wonten karangan ingkang toedjoenipoen nepoeg agami Katholiek, sawenéng kamot ing "antwoord aan Swara-Tama."

Nanging koela boten badé mangsoeli pa-nempoe-pa-nempoe waoe, dialaran le. min-

dak mongsal-mangsoeli. Roemijn C B tijris

jén dradjadipoen tijang éstri Islam poenika

loehoer, tijang éstri Katholiek poenika asor;

sampoen koela terangaken manawi poenika

boten njata. Sapoepika wangsoel malih. Ze.

C. B. poenika manawi maos Indjil, boekoe

catechismus lan boekoe Katholiek sanésipoen,

panjeroasipoen manoet temboeng ing ri-

koe, boten manoet kadjengipoen ingkang njerat. Mila inggih moeroegaken tans-haboten tjetjog kémawon. Kadosta: ing catechesmus njebetaken manawi Imam njaosaken koerban. C. B. nameung maos temboengipoen tok,

boten merdi dateng tegesipoen manoet pangandel Katholiek, awit manoet pangandel Kadostik Imam poenika anggènipoen tjaos koerban namoeng dados djoeroe-lados. Tje-kak pabenan badé boten kempoet-kempoet, manawi C. B. boten njinaoe dateng kabatos-an Katholiek.

Kosok-wangsoeliipoen koela, inggih badé kerep wanoengelakan "ngawoer oet ngga-sroeh" déning C. B., manawi kawroeh koela

ingbadagih. Sapoepika sasanti, oetawi pamoedji-

nipoen sadaja kémawon ingkang niakoep ing artosing pergerakan, pikadjieng toewin adjeng dateng pergerakan.

C. B. tijris jén sami - sami kitab soetji, nameung Qorán tok ingkang njoekani patokan tafsir (interpretatie).

Ing Qorán poenika wonten ajat-ajat ingkang loegoe (beslissend) kalian ingkang pa-semon (allegoris). Koela njoewoen priksa: Poenapa ing Qorán wonten ajat-ajat ingkang nerangaken: tandané ajat loegoe ikoe mang-kéné, déné tandané allegoris mang-kéné?

Awt kawoeningana, koela radi bingoeng. Sawenéning golongan Islam negesi ajat bab mékradan, poenika wonten ingkang mendat teqes loegoe, wonten ingkang allegorisch. Wonten ing swarga, tijang angsal widadar katah, poenika loegoe poenapa allegorich, awit ing golongan Islam prakawis poenika warni - warni anggènipoen nafsi. Oepami Qorán kaggé waton, temtoenipoen sadaja tijang Islam rak tjetjog, ta?

Oepami watonipoen: ajat kang peteng koedoe ditegesi nganggo ajat kang tjeta. Lo mangertsoipoen, manawi ajat poenika tjeta, kados-powéndi? awit Qorán poenika toemrap bangsa Islam: Kalamoellah, dados anggènipoen negesi kedah manoet karsanipoen Allah. Ingqih leres temboengipoen tjeta, kenging dipoenpadosi ing woordenboek mengahing regesipoen, nanging poenapa inqang dipoenkarsakaken Goesti Allah inggih kados ingkang kaseboet ing woordenboek? Oepami wonten tijang mireng koela witjanteen "pring!" Poenika temboeng tjeta, dipoenpadosi ing woordenboek tegesipoen sami kalijin "bamboe." Nonoing jén tijang waoe leding nepekanen "Petrus Soeradja sing dikarepaké: pring=bamboe" poenika kléntoé sanget, awit kadijeng koela "kanda déwe."

Qorán poenika oepami njata kalamoellah, saja angél sanget anggènipoen negesi. Jén namoeng milia mendat temboengipoen ngrikoé koe ladjeng dipointotjogaken kalian woordenboek, temtoe ladjeng kerep kléntoe. Jén badé nejesi Qorán, kedah njoewoen pirs dateng Goesti Allah pijambak, botenipoen inggih dateng tijang ingkang dipoenpatab nejesi déning Goesti Allah mawi kaseksen boten saged kléntoe. Ing golongan Islam sinten ingkang kapatih poenika? Awit sareng Panutanipoen bangsa Islam mentas kémawon boten wonten, bangsa moesliman sami kasamaran anggènipoen maknani Qorán (cf. Medan Moeslimin 15 Aug. 1917 katja 201). Jén kala samanten sampoen kasamaran, ménadé déné saopenia saja kasamaran. Wondéne tandanipoen jén Qorán boten kenging kaggé wawaton poenika makaten: Ahmadijah Qadian nganggep Ghoelem Ahmad poenika nabi, awawaton Qorán. Ahmadijah Lahore nganggep namoeng noedjadid, inggih awawaton Qorán. Mohamadijah kados Doktor Amarullah kosoek-wangsoel, nganggep daddjal (cf. Al-Qauluccah) oleh Dr. Abdul Karim Amarullah bl. 30) inggih awawaton Qorán Poenika namanipoen rak sami damel dolanan dateng Qorán (kalamoellah) awit Qorán kaggé aling-aling.

Manoet golongan Islam, samansa Qorán peteng, kedah takén dateng Hadis. Hadis poin ka wonten ingkang njata, wonten ingkang palson. Ingkang njata kedah tiotjog kalian Qorán. Nanging koela pitakén: mangertsoipoen kados - poendi, djer boten wonten tijang inqang kapatih nerangaken! Poenapa Mohamad Ali? Mohamad Ali mortal soerat IV ajat 3 . . . ngrabéna Wong waton kang kaja mangkonoro lan teloe lan papat" (cf. C. B. no. 11 November 1930 bl. 5). Dados goenggoeng sémah 9 (sanga) Mangka manoet praktik Islam kékéh-ékéh 4 (apat) Jén Mohamad Ali pinatah déning Goesti Allah negesi Qorán, inqang 9 poenika ingkang leres, awit poenika kalamoellah. Poenapa makaten? Poenapa leresipoen boten loro oetawa teloe oetawa papat?

Manoet C. B. ing semoe agami Islam poenika wiwit kawitan doemoeji saprik kesasar, djer tijang Islam oepami Mohamadijah awawaton Hadis njata, nganggep jén Nabi Ngisa taksih soegeng mawi Salira wonten swarga, sarta bêndjing kijamat badé rawoeh. Woesana sareng Ghoelem Ahmad dateng, ladjeng dipointirjosi "ikoe Hadis paleo."

Mila panjerat C. B., sarehne koela djoed-deg, koela njoewoen pirs "Jén Qorán lan Hadis moeroegaken pradongdi, agami Islam poenika watonipoen poenapa?"

Mila panjerat C. B., sarehne koela djoed-deg, koela njoewoen pirs "Jén Qorán lan Hadis moeroegaken pradongdi, agami Islam poenika watonipoen poenapa?"

Koela mangertos, wiwit roemijn

CORRESPONDENTIE.

Tamoe. V.S. Aquina, F. Saridja, soembangan karangan inggih sampoen katampi. Matoer noewoen. Jén boten wonten sekara-kara, bêndjing minggoe ngadjeng badé Red.

## ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

### DAJA INGKANG NGENDOKAKEN TRADJANG.

( - Dadosa panggalihanipoen pakempalan kita - )

Sampoen boten kenging sinélan. Saja dangoe lampahing ébah-ébah kedah saja madjeng. Saja santer. Krésséndo. Dados boten saja moen-dor. Boten saja kendo. Boten saja mangkeret. Samanten oegi ébah-ébahing salebeting djagad Kadolk Indonésier.

Poenika sasanti, oetawi pamoedji-nipoen sadaja kémawon ingkang niakoep ing artosing pergerakan, pikadjieng toewin adjeng dateng pergerakan.

Salebetipoen kita sami djoemangkah ing kamadjengan, sampoen mesti kémawon boten sepen ing daja ingkang makewedi lampahing pergerakan kita. Roemijn, sapoenika, toewin bêndjing, . . . daja makaten poenika mesti wonten. Saged oegi daja makaten waoe wonten ingkang mawi sinamoe, wonten oegi ingkang eblak-eblakan.

Toelada?

Ing salebetipoen liboer woelan Djoeni poenika, koela pikantoeck pawartos wosipoen makaten:

Wonten satoenggiling prijantoon inspèksi Inlandsch Onderwijs, bangsa koelit petak. Pijambakipoen gadah tradjang nedya ngoenjeri andahanipoen ingkang sami mempeng dateng pakempalan. Goeroe ingkang sami mempeng dateng pakempalan waoe, sami dipoenpadosi lepatipoen.

Dados poenika, ateges perintah haloes, sampoen ngantos, sampoen para goeroe sami djoemangkah dateng pergerakan.

Makaten kabar ingkang koela pireng. Poenapa kabar poenika njata, . . . koela boten saged tanggel. Amargi, netepaken leresing pakabar makaten poenika, koela kedah sedija boekti ingkang njekapi. Namoeng ingkang njata, . . . wonten sadérék goeroe njoekani pawar-ton makaten dateng koela.

Sanadjan, koela boten tanggel leresing kabar waoe, éwadéne sinten ingkang sampoen dangoe mangertos pergerakan, saged mastani boten mokal manawi temen wonten pangageng ingkang atradjang kados makaten. Djer kawontenan makaten poenika, dédé barang énggal. Wonten perintah haloes ingkang ateges makewedi lampahing pergerakan, oemoeripoen sami kalian oemoering pergerakan.

Sampoen mesti kémawon, manawi dipoenkalitjéki ingkang saëstoe, tra-djangipoen pangageng waoe boten le-res. Djer sasat medjahi initiatif. Sasat amisahaken poenggawanipoen kalian panadeseking kawontenan ingkang noewohaken sedya mamajoe ajoenging Indonesia. Koela inggih mangertos, manawi koela dados goeroe, wadjib koela ingkang nomer saatenggaloang angreksa saéning klas koela. Nanging poenika boten ateges koela sampoen tinalikoeng boten kenging angrembag prakawis sanésipoen sajéning onderwijs. Boten ateges koela boten kenging dados warganipakemalan.

Koela mangertos, wiwit roemijn

CORRESPONDENTIE.

Tamoe. V.S. Aquina, F. Saridja, soembangan karangan inggih sampoen katampi. Matoer noewoen. Jén boten wonten sekara-kara, bêndjing minggoe ngadjeng badé Red.

kerep wonten soewantent njentok pokal perintah haloes makaten poenika. Nanging poenapa saged itial? O, éngétsadérék, tradjang makaten poenika tradjang tijang ambénaar nagari ingkang ing batos bokmanawi gadah kandoetaan tijap boten seneng

# Recept<sup>2</sup>

E  
R  
E  
C  
E  
E

APOTHEKEN

Rathkamp  
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

:- AGENT :-  
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk:  
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.  
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:  
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.  
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelai f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasna: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.  
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk:  
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.  
Ada sedia djoega: Djas hoedan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.  
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:  
Rijwielen, Reparatie - inrichting dan Smederi:  
WIRJOSOESENA  
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

## KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Volksraad.

College van Gedelegeerde.

Manoet karampoenganipoen, da-  
poekan College van Gedelegeerde  
den kados ing ngandap poenika:

V. C.: toewan Fruin lan Hamer.  
I. E. V.: toewan de Hoog kaljian  
Blaauw.

Econ. Groep: t. Staargaard.  
P. E. B.: t. Roep.  
Middenstand: t. van Baalen.  
Katcelik: t. Monod.  
C. S. P.: t. v. Heilsdingen.  
..... t. Ratulangi.

Gematigde nationalisten: t. Wi-  
ranatakoesoema, Soetardjo, Soejono,  
lan Dwidjosewojo.

Radikale nationalisten: t. Koesoe-  
mo Oetoyo, Soeangkoepon, Thamrin  
lan Moechtar.

Warga Tionghoa: t. H. Kan; lan  
Yo Heng Kam (P. E. B.).

Koersoes kawi?

R. Adiwidjana, goeroe basa Djawi  
ing Kweek. lan Normaalschool  
Moentilan sampoen rampoeng sin-  
oenipoen wonten taalcursus ing Bet-  
awi. Kala woelan Djoeni sampoen  
wangsoel dateng Moentilan malih;  
Djoeli sampoen toemakap njamboet  
damel.

Kala liboeran Djoeni poenika,  
pambante kita saged kapanggih  
kalijan pandjenanganipoen, lan mi-  
terang: "Poenapa boten prajogi se-  
serpen pandjenengan babagan basa  
Djawi kina katoelaraken dateng  
kantja-kantja? Oepami sarana ng-  
wontenken koersoes Kawi wonten  
ing Moentilan? Widji koersoes basa  
kawi sampoen kaderen déning swar-  
gi Rama van Lith kala taoen 1925."

Wangsoelanipoen: "... Maka-  
ten poenika pantjén saé sanget. Lan,  
temenipoen pantjén katah prakawis-

prakawis saking basa Djawi kina  
ingkang pantes kasoemerepan, pan-  
tes katoelaraken. Nanging, ....  
rak inggih boten wonten ta soemoer  
loemakoe tinimba? enz. ...."

Saponika terang sanget, oepami  
kantja-kantja ing Moentilan oetawi  
sakiwa tengenipoen ngrikoe sami  
ambetahaken koersoes makaten wa-  
oe, ing semoe R. Adiwidjana boten  
kawraton nglaksanani panedanipoen  
kantja-kantja ingkang sami nedya  
marsoedi kasoesastran Djawi.

Branggoes serat kabar.

Nagari ngadjengaken rantjangan  
ordonsi ingkang soeraosipoen  
kénging katembengaken nedya  
ambranggoes tandangipoen serat-  
serat kabar hari warti toewin kala  
warti.

Mantri-Goeroe Djatinom wiwit  
2 Juli 1931 kapindah dados  
Schoolopziener ing Bawang,  
Batang S. C. S.

R. S. MARTAWIHARDJA.

Ngatoeri priksa dateng para  
sadérèk saha kantja-kantja ma-  
nawi koela sampoen pindah  
saking:  
Regentstraat, Toeloeng-Agoeng  
dateng:  
Mantri - gawèn, Djokjakarta.

Rm. C. SOERJAPRAWATA, o.g.  
Rm. C. SOEDARMINTA.

## TOKO „R.A. SASTRODIHARDJO“ NGABEAN

Moelai tanggal 1 Juli 1931 saia boeka Toko Bultzak dan tem-  
pat tidoer compleet **harga pantes**, dan barang tanggoeng  
**baik**, djoega sedia toekang boeat bikin bétol bulzak.

Harga boeat beli contant:

Bultzak no. I satoe stel	f 33	temp. tidoer	f 32	Slamboe	f 14.—
" II "	f 30	"	f 28	"	f 12.—
" III "	f 25	"	f 24	"	f 10,50
" IV "	f 22	"	f 20	"	f 8.—

Dan barang bekas roemah tangga lainnya saia djoega sedia.  
Boeat beli dengan **crediet** dan contant boleh dateng di saia  
poenja toko merk:

R. A. SASTRODIHARDJO wétan Staation Ngabéan Djokjakarta.

## Frieling's Glansverf A

(tjet  
gilap)

kantoon ngoesar-oesaraken	kémawon, teroes kenging kaangge.
Dipoenwadahi blèg netto	10
sa - blèg . . . . .	9.—
Kwaliteit (golongan) B.	5 2 <sup>1</sup> / <sub>2</sub> 1 1 <sup>1</sup> / <sub>2</sub> kilo.
sa - blèg . . . . .	4,75 2,50 1,10 0,60
Frieling's Verflak no. 1	sa - gendoel f 0,90.
no. 2	0,70.
Lisah tjét Walandi	" " 0,50.
Byta kaggé ngitjali tjét	" " 0,30.
Artistico Calcarium	sa - Kilo 0,75.
Glansverven (tjet gilap)	saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjét R. B. FRIELING  
HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang

moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

Sampoen sedija papan  
pondokan kaggé LARÉ  
ESTRI INGKANG SEKOLAH.  
Sinaoenipoen dipoenelat -  
oelataken sarta dipoen-  
toentoen.

Wragad mondok lan neda:  
f 15.—

Koela:

Hardjodiningrat,  
Goenoeng - Ketoer,  
Pakoe-Alaman, Ngajogja.

Koela njwoewen wangsoelan ingkang  
maremaken manah, perloe bade ngindakaken  
seserpen koela ing bab agami Islam, awit  
tiang nglampahi agami poenika rak kedah  
mawi waton.

koela Petrus Soeradja.

Noenoetan saking Red. Sw. Tm.  
Panjerat „Antwoord aan Swara-Tama“,  
ingkang kadoemoek déning sdr. Petrus S.  
ing ngingsil poenika, sadérèngipoen soeka  
wangsoelan, mawi njerat mekanek:

„Het volgende is een verkorte vertaling  
van het Jav artikel, dat wij de redactie boven-  
genoemd Kath. blad sturen, die het helaas niet  
heeft kunnen plaatsen, omdat een artikel  
in dien trant nie past in ons blad Sw. Tm.“

Djawinipoen: „Ing ngandap poenika tje-  
kakanipoen artikel Djawi, ingkang kita  
kintoonaken dateng redaksi s.k. Katoelik kase-  
boet ing ngingsil, nangng oewelopeen boten  
saged matjak, amargi „artikel ingkang atjéng-  
kok kados makaten poenika boten matoek  
wonten ing s.k. kita Sw. Tm.“

Inkang poenika:

1) Kita Red. Sw. Tm. mila sampoen nam-  
pi lan amangoelaken artikel kaseboet mawi  
ngantili sebab ingkang kaseboet ngingsil  
oegi.

2) Kita taksih ngantepi ingkang dados  
sabab boten matjak artikel waoe. Déné jén  
kateranganipoen kapoendoet, kita inggih  
sampoen sedija.

3) Panjerat artikel kaseboet kok boten  
ambédaaken „Petrus Soeradja“ kalian Sw.  
T. Kita boten padas dadakan!

## OERAP-SARI.

### KABAR KATOELIK.

INDONESIA.

Kitir saking Nagari Walandi.  
Minggoe kapenger kita martosaken,  
jén pandjenanganipoen Fr. Fr. M.  
Reksa-atmadja lan A. Soegija wonten  
ing Maastricht sampoen kado-  
endjoeng dados Subdiaken, la-  
djeng teroes dados Diaken. Saking  
pandjenanganipoen Diaken énggal  
waoe kita tampi kitir kados ing  
ngandap poenika:

„Ngatoeri priksa dateng para sa-  
dérèk toewin pitepangan, poenapa  
malih dateng sadaja pakempan  
Katoelik, bilih koela kakalih bédjing  
tanggal 15, Augustus 1931 badé  
tampi Sakramèn Kaimaman. Ingkang  
poenika sanget anggén koela sami  
ndjagékaken pandonga toewin sem-  
bahjangan pandjenangan sadaja,  
amrih noegraha Dalem Hjang Mah-  
Asih sampoen ngantos week ing  
manah koela.

Rebat tjekek, nrimal tjelemèn,  
waton saged rantjag, tjantjoet toe-  
win radin toer netepi djaman. Sam-  
poen dados panggalih!!

M. Reksa-atmadja.

A. Soegija-pranata.

Tongersche Str. 53. — Maastricht  
— Nederland.”

Kita sadérèk Katoelik Indonesia  
inggih boten badé koetiwa ing  
pandonga toewin sembahjangan.

R. K. A.M S. ing Betawi wewah  
Rama satoenggal. Ing minggoe  
poenika sampoen tedaq sakting na-  
gari Walandi pandjenanganipoen  
Rama Dr. N. Perquin, perloe am-  
bantoe R. K. A. M. S. ing Betawi.

Dateng nagari Walandi Tg. 1,  
Djoeli noempak baita „Patria“  
sampoen pangkat dateng negari  
Walandi perloe perlop pandjeneng-  
anipoen Rama C. Lucas.

Tiongkok Kat. mindak, Imamipoen  
mindak, Timbalan mindak.

Sanadjan kawontenaniipoen Ti-  
ongkok boten adjeq tansah goréh  
djadag Katoelik katingal madjeng.  
Poenika kaboektékaken déning sta-  
tistikipoen Delegasi Apostoelik ing  
Peking, kados ing ngandap poenika:

Tjiang Katoelik Djoeni, 1929 :  
2,490.392 — Djoeni, '30.

Djoeli noempak baita „Patria“

sampoen pangkat dateng negari

Walandi perloe perlop pandjeneng-

anipoen Rama C. Lucas.

Tjiang Katoelik Djoeni 1929 :  
100 K. G. angsal soedan 10%.

Glansverven (tjet gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Kantoon ngoesar-oesaraken kémawon, teroes kenging kaangge.

Dipoenwadahi blèg netto 10

sa - blèg . . . . .

Kwaliteit (golongan) B.

sa - blèg . . . . .

Frieling's Verflak no. 1

sa - gendoel f 0,90.

no. 2 0,70.

Lisah tjét Walandi 0,50.

Byta kaggé ngitjali tjét 0,30.

Artistico Calcarium 0,75.

Glansverven (tjet gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjét R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.

Tjiang Katoelik Djoeni, 1929 :  
100 K. G. angsal soedan 10%.

Glansverven (tjet gilap) saben 100 K. G. angsal soedan 10%.

Pabrik tjét R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN-SAJIDAN — DJOKJA.